



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ETAP ENPÒTAN NAN SANTE MANTAL: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 1,000
KABANN SIKYATRIK DISPONIB ATRAVÈ NOUYÒK DEPI L ANTRE AN
FONKSYON**

***Metete aksan sou etap enpòtan nan ouvèti nouvo Sant Sikyatrik pou Timoun ke Eta
a finanse nan Montefiore Einstein nan Bronx***

Gwo ekspansyon fè avanse angajman Gouvènè a nan resous sante mantal yo

Gouvènè Hochul anonse jodi a ouvèti yon nouvo sant sikyatrik pou entènè pasyan ki gen 21 kabann, Eta a finanse, ki pral sèvi jèn sou kanpis New York City Children's Center nan Bronx lan. Sant lan, ki gen yon sifas 1,700 mètr kare (18,300 pye kare), ke Montefiore Medical Center ap jere avèk finansman eta a, reprezante yon kolaborasyon inik pou sèvi jèn ki ap fè fas ak pwoblèm grav nan sante konpòtman, epi li pral ogmante kapasite total pou entènè ke Gouvènè Hochul pèmèt ap fonksyone atravè tout Eta a rive nan 1,000 kabann.

"Nou angaje nou pou ogmante kantite opsyon pou fanmi ki bezwen sèvis sante konpòtmantal entansif, e pi enpòtan toujou, pou bay tout timoun k ap fè fas ak maladi mantal grav yon swen ki gen pi bon kalite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant Sante Mantal pou Timoun Montefiore Einstein lan, ki fèt ak dènye estanda modèn yo, reprezante patenarya solid nou genyen ak lopital ki baze nan kominote a, ansanm ak angajman kontinyèl nou pou bay jèn nou yo pi bon swen posib epi sipòte fanmi yo."

Lokalize nan 1300 Waters Place, nouvo inite Montefiore Einstein nan sitiye sou kanpis Sant Timoun Vil Nouyòk nan Bronx la epi li gen 21 kabann pou sèvi jèn ki gen ant 5 ak 17 an. Nouvo sant lan pral bay tretman entansif pou jèn ki gen pwoblèm grav nan sante konpòtmantal, tankou gwo depresyon, enkyetid, twomatis, panse swisid, sikoz, ak lòt pwoblèm sikyatrik dijans.

Gouvènè Hochul te mete ansanm ak Doktè Ann Sullivan, Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la, Doktè Philip O. Ozuah, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Montefiore Einstein, Manm Asanble Michael Benedetto, ak lòt eli lokal yo pou yo te fè yon vizit nan nouvo enstalasyon an, ki gen ladan salklas li yo ak lòt espas tretman. Apre vizit la, Gouvènè Hochul te rankontre ak Joziah, yon timoun 12 an ki soti

Manhattan, ki te asiste ti seremoni inogirasyon an ansanm ak manman I, Courtney, pou pataje eksperyans yo ak sistèm sante mantal la.

Avèk kapasite lopital sant lan pou entènè yo ajoute, Gouvènè Hochul kounye a fin sipèvize ogmantasyon 1,000 kabann sikyatrik pou entènè pasyan atravè tout Eta a. An jeneral, gen 89 kabann ki sèvi timoun nan Bronx, e nouvo kapasite Montefiore Einstein lan reprezante yon ogmantasyon prèske 31 pousan nan kantite kabann pou entènè pou timoun nan awondisman an.

Nouvo sant lan soti nan yon sibvansyon kapital [3.1 milyon dola](#) Biwo Sante Mantal Eta a te bay, 7 milyon dola ki soti nan Fon Sant Ekselans nan Sante Konpòtmantal Eta Nouyòk, epi yon alokasyon kapital 6 milyon dola ki soti kote Prezidan Asanble a, Carl Heastie, ak Manm Asanble Michael Benedetto. Pwojè a te resevwa tou sipò nan men yon don prive yo te bay Montefiore Einstein ansanm ak finansman adisyonèl ki soti kote Pwokirè Jeneral Eta a, Letitia James.

Sant lan te devlope ak kontribisyon dirèk pasyan jèn yo e li sitiye nan awondisman an espesyalman pou satisfè bezwen kominote a, paske yo estime 21 pousan nan timoun ki gen ant 5 ak 17 an ki ap viv nan Bronx gen yon dyagnostik pou yon pwoblèm sante konpòtmantal. Nouvo sant lan pral amelyore kontinuite swen pou pasyan nan Bronx ak tretman anbilatwa, devlope yon rezèv mendèv pou pèsònèl miltidisciplinè ki gen ladan travayè sosyal, enfimye, sikològ, ak sikyat, epi ofri fòmasyon plis avanse pou etidyan medikal ak lòt pwofesyonèl sante.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Eta Nouyòk angaje anpil pou ede timoun ak jèn yo rekipere anba maladi mantal pou yo ka viv epi pwospere nan kominote yo. Pwojè Montefiore Einstein lan ap ajoute kapasite entènè ki nesèsè anpil nan Bronx, ki pral konpleman anpil sèvis ak sipò anbilatwa ke nou ap elaji atravè zòn sa a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, nou ap elaji kantite kabann yo epi ranfòse rezo swen nou an pou bay sèvis kalite siperyè pou timoun ak fanmi nou yo nan Bronx."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Nouvo enstalasyon sa a, ke Montefiore Medical Center ap jere, pral amelyore rezilta nan sante mantal, sa ki finalman pral mennen nan amelyorasyon nan rezilta sante jeneral. Gouvènè Hochul ankò montre gwo angajman li pou sipòte lopital ak enstalasyon ki baze nan kominote nou yo pou asire yo gen kapasite pou kontinye bay swen kalite siperyè nan kominote yo sèvi yo."

Senatè Eta a, Gustavo Rivera, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak administrasyon li a pou kolaborasyon ak Montefiore Medical Center pou louvri nouvo sant sikyatrik pou entènè sa a ki konsantre sou jèn nan Bronx. Inite sa a pral ede anpil jèn nan Bronx ki gen bezwen konplèks nan sante konpòtmantal lè l bay yo tretman ak lòt sèvis sante mantal. Pandan n ap navige nan yon kontèks ki trè ensèten nan domèn swen sante, Eta nou an dwe fè investisman sa yo nan sistèm nou an pou asire kominote yo ka jwenn tout swen yo bezwen."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Pa gen okenn jèn ki ta dwe janm nan lite ak pwoblèm sante mantal nan silans. Ouvèti nouvo sant sante mantal pou timoun sa a bay fanmi nan Bronx yon lokal kote swen an gen konpasyon, tretman an efikas, epi sipò toujou disponib. Sant sa a ofri espwa pou jèn ak fanmi k ap fè fas ak moman ki pi difisil yo e li raple yo ke yo pa pou kont yo. Nan yon moman kote presyon lavi modèn ak koneksyon konstan peze anpil sou timoun nou yo, investisman sa a se yon repons reflechi ak nan bon moman pou defi sante mantal anpil fanmi ap fè fas yo."

Carl E. Heastie, ki se Prezidan Asanble a, te deklare, "Sante mantal adolesan se yon sijè ki ijan nan vil nou an. Anons sa a sou yon sant sante mantal pou timoun nan Bronx se yon resous ki nesèsè anpil pou yon kominote ki vilnerab devan kondisyon tankou enkyetid, depresyon, ak anpil lòt ankò. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou atansyon kontinyèl li sou bezwen kominote a ak pou etablisman pwogram ak enstitisyon ki konsantre sou byennèt jeneral jèn nou yo. Pwoteje sante mantal jèn yo se yon investisman ki mande tan ak efò tout pati ki enplike yo – tankou gouvènman, òganizasyon san bi likratif, ak founisè swen sante. Mèsi Montefiore Health pou patenarya ak angajman ou nan Bronx."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Gouvènè Hochul ak reprezantan eli Eta Nouyòk yo mete sèvis sante mantal pou jèn nou yo kòm yon priyorite ankò. Ouvèti sant sa a ki gen 21 kabann nan Bronx make yon investisman enpòtan nan byennèt timoun ak fanmi nou yo. Nouvo enstalasyon sa a pral elaji aksè a tretman ki ka sove lavi e li pral asire ke jèn k ap fè fas ak gwo defi nan sante konpòtman yo resevwa swen konpasyon, konplè, ak nan bon moman yo merite. Adrese bezwen sante mantal tout moun Nouyòk yo se sèl fason pou gwo eta nou an ka reyisi, e nouvo enstalasyon sa a nan Bronx se yon etap nesèsè nan direksyon sa a."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Depi twò lontan, fanmi nan Bronx yo te fè fas ak ti kantite opsyon lè timoun yo ap fè fas ak kriz sante mantal Nouvo sant pou entènè sa a ki soti nan Montefiore Einstein pral chanje reyalyte sa a lè li bay jèn nou yo yon kote pou geri, refè, epi resevwa sipò nan men ekspè ki konprann bezwen yo. Mwen rekonesan anpil anvè Montefiore pou lidèchip li epi m onore pou mwen te travay ak Prezidan Asanble Heastie ak Gouvènè Hochul pou asire pwojè sa a, ki reprezante yon gwo etap pou fè swen sante mantal pou jèn yo vin plis aksesib ak ekita."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Nouvo enstalasyon pou entènè jèn yo pral bay swen konpasyon pou jèn k ap fè fas ak difikilite nan sante mantal. Lè nou elaji kapasite entènè nan Bronx, nou ap ranfòse kontinuite swen an epi asire timoun yo resevwa sipò yo bezwen nan kominote yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou devouman kontinyèl li nan bati yon sistèm sante mantal ki pi solid ak ki pi reponn a bezwen yo,"

Nouvo sant lan kontinye montre bon pèfòmans Gouvènè Hochul nan envesti nan sèvis ak sipò sante mantal pou jèn Nouyòkè yo. Anplis ke li dirije yon ogmantasyon enpòtan

nan kapasite pou entèn nan sant sikyatrik yo ke eta a jere – pi gwo a nan plizyè deseni – li te elaji anpil pwogram anbilatwa ki fèt pou ede moun pandan yo ap refè.

Angajman Gouvènè Hochul pou pwoteje sante mantal jèn Nouyòk yo te mennen nan gwo investisman nan sèvis ak sipò pou jèn yo. Inisyativ sante mantal li a ki koute 1 milya dola ak plizyè santèn milyon dola nan finansman nan bidjè ki te swiv yo te elaji anpil aksè a swen pou jèn yo ak fanmi yo – soti nan ogmante kapasite tretman pou pasyan entèn ak rezidansyèl rive nan bati sèvis ki baze nan kominote pou ede jèn yo rete lakay yo ak nan kominote yo.

Kounye a, OMH finanse 20 ekip Tretman Kominotè Enklizif pou Jèn, ki bay terapi pou jèn ak fanmi, jesyon medikaman, sipò pou fanmi ak kamarad, ak devlopman konpetans. Ajans lan sipòte de ekip ACT pou Jèn nan Bronx, youn ki bay sèvis pou 36 jèn, ak yon lòt ki toujou nan faz devlopman.

Gouvènè Hochul te elaji tou klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, ki ede elèv jwenn yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans nan yon anviwònman familye san estigmatizasyon sou kanpis lekòl yo. Kounye a, Eta a sipòte 1,265 satelit klinik, ki gen ladan 50 ki ap fonksyone kounye a nan lekòl nan Bronx.

OMH kounye a sipòte 55 ekip Entèvansyon Dijans Lakay, ki sèvi jèn ki gen ant 5 ak 20 an epi ki bay sèvis entansif endividalize pou ede fanmi kenbe jèn k ap refè soti nan maladi mantal lakay yo. Gen de ekip k ap fonksyone kounye a nan Bronx ki ansanm deja travay avèk 200 fanmi jiska kounye a ane sa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)